# Г1АХЬАЛЛЪАНА КИНАЛГО МИЛЛАТАЛ

Калининаулалдаса Л. Магьдиханов Ват1ан ц1унизе ах1ана 1942 соналъул январалда. Байбихьудаго гьев ккана интернационалияб гьудуллъиялъул рагъухъабигун цадахъ. Гьев тушманасде данде вагъулеб 370 абилеб кьвагьдохъабазул бригадаялда цоцахъе къуват кьун къеркьолел рук1ана г1урусалги, аваралги, чачаналги цогилал миллатазул г1адамалги.
Гьеб соналдаго Лала г1ахьаллъана Керчь эркен гьабиялъе т1орит1улел рагъазулъе. Гьенив т1оцебесеб нухалда лъукъана. Рагъулаб госпиталалда сах гьавун хадув, ц1идасан Тиблисалда ругьунги гьавун, гьев ккана Калининград областалде. Гьениб бук1араб щулалъи ккезе ккана лъабго моц1алъ. Л. Магьдихановас ва гьалмагъзабаз щулалъи кквеялде т1адеги тушман живго рук1алидаса нахъе гъуна. Хадур гьел ккана тушманасул горсвериялде ва гьенибги рагъухъабаз, горсвери т1езабун, нух бахъана. Калининградалъул сверухълъиялда Лала нахъеги лъукъана. Гьаб нухалда нилъер ракьцояв гъежалда щвараб ругъуналъ кидагоялъе сакъатавлъун гьавуна. Т1ад вуссуна гьев рагъдаса к1иабилеб группаялъул инвалидлъун. Гьелдаса хадуб ана к1икъогоялдаса ц1ик1к1араб сон. Рагъул ветеран жакъаги нилъгун вуго.

С. Мух1амадов. Г. «Коммнист» 09.05.1988 г.